



FASON BLE DE PRIS LA FONKSYONE



Ble de Pris la se yon grenn ki ka sèvi nan yon ijans radyasyon pou ede elimine sezyòm (Cs) ak Talyòm (Tl) radyoaktif nan kò yon moun.



Ble de Pris la kenbe sezyòm radyoaktif ak talyòm nan trip yo epi anpeche yo retounen nan kò w.



Apre sa materyo radyoaktif yo deplase nan trip yo epi soti lè w ap pou pou.

Paske ble de Pris la bese kantite tan sezyòm ak talyòm radyoaktif la pase nan kò w, li ede limite kantite tan kò a rete espoze nan radyasyon.

Se sèlman sou preskripsyón w ap jwenn ble de Pris. Pwofesyonèl sante piblik ak medikal yo ap detèmine si yon moun bezwen ble de Pris.

Moun PA DWE pran koloran atis ble de Pris pou yo eseye trete tèt yo. Kalte ble de Pris sa pa fèt pou trete kontaminasyon radyoaktif danjere.

